



Pou Piblikasyon Imedya: 06/06/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 90 MILYON DOLA NAN FINANSMAN
KAPITAL POU ÒGANIZASYON ATISTIK YO ATRAVÈ ETA NEW YORK**

*Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York la pral sipòte pwojè
transfòmatè yo nan 19 òganizasyon atistik ak kiltirèl*

*Anonse tou inogirasyon travay reyamenajman Storm King Art Center pou
amleyore eksperyans vizitè yo ak pwoteje sekirite anplwaye ak zèv atistik yo*

*Fè pati investisman 150 milyon dola istorik Gouvènè a nan pwojè kapital yo pou
enstitisyon atistik ak kiltirèl New York yo pou fasilite kreyasyon espas a gran
echèl ak pwojè devlopman kominotè yo*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon rekò 90.5 milyon dola nan finansman pou pwojè kapital a gran echèl nan 19 òganizasyon atistik ak kiltirèl atravè Fon Pwojè Kapital Konsèy sou Zèv Atistik Eta New York (New York State Council of the Arts, NYSCA) la. Anons lan, ki vini apre yon investisman 42 milyon dola nan pwojè kapital piti ak mwayen ke yo anonse nan mwa avril la, fè pati investisman istorik 150 milyon dola Gouvènè a nan amelyorasyon kapital pou zèv atistik yo. Gouvènè Hochul te anonse nouvo finansman nan inogirasyon pou pwojè amelyorasyon tout kanpis la nan Storm King Art Center, yon mize anplennè 202 ekta nan rejyon Mid-Hudson ak yon benefisyè 7.5 milyon dola Sibvansyon Gwo Amelyorasyon Kapital NYSCA.

"Soti nan Vil New York rive nan North Country, n ap investi nan sektè atistik ak kiltirèl solid eta nou an pou asire tout Nouyòkè, kèlkeswa orijin yo, gen aksè a pouvwa transfòmatè zèv atistik", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sipò san parèy nou pou vizyon pataje espas kiltirèl ki aksesib ak dirab sa a pral lakòz yon ekonomi ki pi solid, plis travay, ak kominote ak sante pèsònèl pou Nouyòkè yo ak vizitè nou yo atravè mond lan".

Anplis sipò NYSCA, Empire State Development te bay plis pase 3 milyon dola nan finansman Storm King Art Center - yon sibvansyon kapital 2 milyon dola ak yon sibvansyon 1.2 milyon dola Market New York - sou rekòmandasyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson. NYSERDA te kontribye tou 600,000 dola nan pwojè a, sa ki te mennen sipò total Eta New York pou etablisman an nan plis pase 11 milyon dola.

Sibvansyon Kapital pou Gwo Amelyorasyon NYSCA pou Zèv Atistik ak Kilti sipòte enstitisyon zèv atistik ak kiltirèl atravè eta a k ap antreprann amelyorasyon kapital ki gen enpak epi a gran echèl. Sibvansyon yo varye ant 2 milyon dola ak 10 milyon dola pou pwojè ki gen yon pri total 4 milyon dola oswa plis. Finansman sa a pral sipòte investisman pou elaji pwogram kiltirèl, atenn piblik nouvo ak divèsifye ak ankouraje aksesibilite. Sibvansyon sa yo pral ede tou fè avanse objektif Eta a konsènan divèsite, ekite ak enklizyon epi yo pral mande pou tout benefisyè yo angaje nan inisyativ ekite sosyal ak plan aksè ki sèvi tout Nouyòkè yo. Pwogram Sibvansyon pou Gwo Amelyorasyon Kapital NYSCA a administre an kowòdinasyon ak Empire State Development, ki revize aplikasyon pou evalye potansyèl pwojè pou sipòte efò lokal yo, devlopman kominotè, ak revitalizasyon anba lavil.

Sibvansyon pou Storm King Art Center pral amelyore eksperyans vizitè yo atravè konstriksyon de nouvo eleman konstriksyon: Sekans Akèy ak Bilding Konsèvasyon, Fabrikasyon ak Antretyen. Sekans Akèy la pral ede senplifye arive vizitè yo lè li double kapasite pakin, retire trafik, epi ajoute nouvo enstalasyon pou akomode vizitè yo ak vizit gwoup yo. Bilding Konsèvasyon, Fabrikasyon, ak Antretyen an pral premye espas Storm King ki te konstwi nan lide sa, sa ki pèmèt yo travay ak atis sou fabrikasyon, pi byen pran swen koleksyon yo lè yo konsève travay atistik enpòtan yo sou plas, epi bay anplwaye yo enstalasyon ki an sekirite epi byen ekipe. Nouvo etablisman an pral priyorize dirabilite tou avèk bilding ki elektrik nèt yo ak Sètifikasyon LEED Gold pou Sekans Akèy la, ki ranfòse istwa long Storm King nan konsèvasyon tè ak edikasyon anviwònman.

Anplis Storm King Arts Center, lòt benefisyè NYSCA yo anonse jodi a genyen ladan yo:

Hudson Valley Shakespeare Festival, Phillipstown: Teyat anplennè ki gen sètifikasyon LEED ak restorasyon ekolojik tè yo

- Pwojè sa a pral transfòme yon sit 40 ekta yo te fèk akeri pou tounen yon kanpis destinasyon, ki louvri pou tout ane a pèfòmans klas mondyal, pwogram edikasyon enteresan ak aksè nan tè ki pral konsève pou toutan.

Lake Placid Association of Music, Drama and Art, Lake Placid: Konstriksyon nouvo etablisman atistik

- Pwojè sa a pral bati yon nouvo konplèks atistik modèn, yon destinasyon pou ekselans atistik nan North County a ak yon mwayen esansyèl pou ranfòse touris kiltirèl.

National Black Theatre Workshop, Vil New York: Konstriksyon nouvo sant atizay espektak

- Fon NYSCA pral sipòte konstriksyon yon sant atistik ak fòmasyon pwofesyonèl polivalan ki inik ki pral founi yon etablisman atistik klas mondyal, pwogram kiltirèl ak edikatif, sèvis fòmasyon pwofesyonèl, ak yon enkibatè pou antreprenè sektè kreyatif yo.

Gen yon lis konplè benefisyè yo ki disponib [isit la](#).

Nan mwa septanm 2022, Gouvènè Hochul te anonse Fon Pwojè Kapital 150 milyon dola pou sipòte enstitisyon atistik ak kiltirèl New York yo epi fasilite pwojè kapital a gran echèl ki priyorize devlopman kominote a ak kreyasyon espas. Anplis Fon Pwojè Kapital yo, NYSCA ap bay 90 milyon dola sibvansyon ki pa kapital bay òganizasyon atistik ak atis yo pou Ane Fiskal 2023.

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Mara Manus, te deklare, "Pwojè kapital atistik ak kiltirèl enteresan sa yo pral asire lonjevite ak dirabilite sektè nou an pou plizyè deseni k ap vini yo. Anplis de sa, pwojè sa yo pral bay retou eksponansyèl nan chak kominote, biznis nan lari prensipal ak travayè. Nou rekonesan anpil anvè Gouvènè a ak lidè Eta nou yo pou 90 milyon dola istorik sa a nan finansman enpòtan sa a ak rekonesans yo nan benefis mezirab yo ofri nan espas atistik ak kiltirèl New York nou yo. Envestisman enpòtan sa a nan pwojè kapital pou zèv atistik ak kilti pral sipòte agrandisman vizyonè, amelyorasyon enstalasyon esansyèl yo, ak estrateji pou konstwi kominote ki pral ankouraje sante, sekirite, ak aksè pou tout Nouyòkè ak vizitè nou yo".

Prezidan Konsèy Zèv Atistik Eta New York la, Katherine Nicholls, te deklare, "Pwojè kapital pou zèv atistik yo transfòme vizyon an aksyon. Yo kreye enpak dirab atravè kreyasyon travay, bati kominote ki pi solid, epi bay òganizasyon kiltirèl yo posibilite pou pi byen sèvi etidyan tout laj yo. "Nan non anplwaye NYSCA, Konsèy ak kominote atistik ak kiltirèl nou an, mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul ak Lejislatè Eta nou yo pou angajman san rete yo anvè òganizasyon atistik ak kiltirèl New York yo atravè eta nou an.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Storm King Arts Center, youn nan destinasyon ki pi espektakilè ak inik nan Eta New York, atire vizitè atravè mond lan epi li se yon motè ekonomik enpòtan nan rejyon Mid-Hudson. ESD fyè pou l sipòte agrandisman Storm King pou plis rezidan ak vizitè ka fè eksperyans bote natirèl ak ekspozisyon ki enspire pandan plizyè ane k ap vini".

Vis Prezidan Empire State Development ak Direktè Egzekitif Touris la, Ross D. Levi, te deklare, "I LOVE NY fyè pou l sipòte pwojè kapital nan atraksyon atistik ak kiltirèl klas mondyal New York tankou Storm King atravè pwogram Market New York la. Storm King ofri yon eksperyans vizitè vrèman inik ki konplete nenpòt ki vwayaj dete nan Hudson Valley epi li se yon lòt rezon ki fè li fasil pou vizitè yo ak rezidan yo renmen New York".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Pwojè Storm King lan se yon modèl pou konsepsyon pwòp ak fleksib avèk enkòporasyon efikasite enèji, ak karakteristik elektrifikasyon, epi NYSERDA fyè pou l sipòte travay sa a. Li enkòpore lespri inovatè ak angajman Eta New York pou sipòte devlopman enstitisyon atistik ak kiltirèl atravè eta a kòm youn nan anpil aspè nan ekonomi vèt k ap grandi nou an".

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "Lè Eta New York investi nan zèv atistik, n ap investi tou nan touris, travay, ak sante kiltirèl ak sosyal kominote nou yo. Storm King Art Center se yon jwè enpòtan nan tisi kiltirèl Hudson Valley epi mwen bat bravo pou sipò Gouvènè a ak NYSCA pou òganizasyon an pandan l ap gade vè lavni".

Manm Asanble Chris Eachus, te deklare, "Storm King Art Center se yon bijou nan Konte Orange ak Hudson Valley. Sant lan enspire plizyè santèn milye vizitè atravè mond lan epi entwooui yo nan bèl peyizaj ke sèlman Eta New York ka ofri. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou finansman ekstrèmman jenere yo pou distri mwen an ki pral pèmèt Storm King mennen Kanpay Kapital anbisye yo. Investisman sa a nan kominote nou an voye yon mesaj solid ke New York se yon sant kiltirèl pou zèv atistik, yon lidè nasyonal pou pwoteksyon anviwònman nou an, ak yon destinasyon pafè pou touris yo".

Prezidan Storm King Art Center, John P. Stern, te deklare "Nou kontan dèske nou kòmanse premye pwojè kapital Storm King. Nou te antre nan pwojè sa a avèk yon angajman pou amelyore ak soutni eksperyans ekstraòdinè zèv atistik ak lanati ke Storm King ofri vizitè, atis ak kominote li a. Sipò Eta New York, byenke sibvansyon NYSCA, ESD, ak NYSERDA, esansyèl pou atenn etap enpòtan jodi a. Mwen rekonesan pou patenarya yo a, ki pral pèmèt nou pataje sit ekstraòdinè Storm King ak koleksyon avèk jenerasyon k ap vini yo".

Ko-prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson lan, Doktè Marsha Gordon, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Konsèy Biznis nan Westchester (The Business Council of Westchester), ak Doktè Kristine Young, Prezidan SUNY Orange lan, te deklare, "Atravè estrateji "viv, travay, jwe" Konsèy Rejyonal la, nou te konsantre sou amelyore kalite lavi pou rezidan nou yo ak ranfòse idantite rejyon an kòm yon premye destinasyon touris. Investisman sa a nan Storm King Arts Center pral atire lòt vizitè k ap depanse ak estimile kwasans ekonomik nan tout rejyon an".

###